



Avi Endistri #23-04  
Pou Pibliye Imedyatman

3/16/2023

David Do  
Manm Komisyon/Prezidan  
tlccommissioner@tlc.nyc.gov

Jason Kersten  
Afè Piblik  
press@tlc.nyc.gov

33 Beaver Street  
22nd Floor  
New York, NY 10004

## Avi: Peryòd Aplikasyon Pou 400 Lisans Machin Elektrik (EV) Ki Ap Kòmanse 29 Mas

Kòmanse 29 Mas 2023, a 10è nan maten, 400 nouvo lisans Machin Pou Lwe (FHV) pral disponib pou machin elektrik yo (EVs). Pwosesis sa pral menm a 600 lisans ki te reyalize 15 Mas, sof ke gen yon limit 25 Rapò Enterè ak swivi aplikasyon yo sou yon Nimewo Sekirite Sosyal (SSN) oswa yon Nimewo Idantifikasiyon Patwonaj (EIN). Chak machin pral mande pwòp aplikasyon pa yo (ou ka aplike pou 25 lisans an menm tan). Lisans yo pa p ka tranfere yo nitou distribiye yo sou premye sèvi.

Lè ou ap aplike pou lisans EV yo, tanpri ranpli epi soumèt fòmilè Rapò Enterè a ki pral disponib sou sitwèb TLC nan lyen sa:

<https://www.nyc.gov/site/tlc/vehicles/get-an-electric-for-hire-vehicle-license.page>.

Tanpri revize lis rekòmandasyon anba pou asire ke ou respekte ekzijans yo pou ka soumèt fòmilè rapò enterè pou youn nan 400 lisans EV yo:

- Yon Nimewo Sekirite Sosyal (SSN) ki valid oswa yon Nimewo Idantifikasiyon Patwonaj (EIN)
- Yon imel adrès ki valid (*Imel sa pral itilize pou kominike avèk ou nan tout pwosesis aplikasyon*).

Kou w soumèt fòmilè a, TLC pral revize l epi aplikan ki elijib yo pral resevwa yon imel ak yon kòd otorizasyon ki inik ak enstriksyon sou kijan pou konplete pwosesis aplikasyon an. Kou w resevwa imel kalifikasyon sou pwosesis aplikasyon an, ou ka achte yon EV. Aplikan ki pa kalifye yo pral resevwa yon imel ki ap fè yo konnen ke yo pa kalifye.

**Aplikan ki kalifye yo pral gen 30 jou pou achte EV a epi kòmanse pwosesis aplikasyon an.** Pwosesis sa ap kòmanse avèk aplikan ki kalifye a epi ki afilye ak Baz ki gen Lisans TLC epi Baz la pral soumèt yon demand (yon Afimasyon Baz) bay TLC pou kòmanse pwosesis lisansman machin nan.

Kòmantè, kesyon, sigjesyon imel bay licensinginquiries@tlc.nyc.gov